



Katografye Politik Leta pou Sipòte Fanmi Imigran Yo

Analiz sa a eksplike kenz politik leta tabli (“endis politik”) ki enfliyanse fanmi imigran yo, swiv pou wè si chak eta Ozetazini adopte yo, epi note varyasyon ki genyen nan politik sa yo. Analiz lan kilmine pou fòme yon katografi entèyaktif ki mezire chak eta selon kad politik yo mete anplas pou sipòte imigran kèlkelanswa estati imigrasyon yo.

Pran Kouraj nou ak De Men (*Embrace Our Strength*) se yon pwojè imigran konsevwa epi jere, ki an de pati, k ap denonse bezwen fanmi imigran san papye oswa ki gen estati miks yo onivo politik leta mete anplas yo. Nan youn nan de rapò pwojè a, Next100 avèk Haitian Bridge Alliance, an patenarya avèk ImmSchools, te antre an kontak ak paran ki koulyea epi dirèktman afekte akoz estati imigrasyon yo pou pi byen konprann ki sipò moun yo ak fanmi yo bezwen nan eta y ap viv ladan an sou kat domèn pwoblematik asavwa: edikasyon, swen sante, chache lavi, ak sekirite. Eksklizyon sistemik imigran yo sibi, patikilyèman sila yo ki san papye, vle di vwa yo nesèsè nan pouse ijans pou chanjman fèt epi anvizaje pi lajman kouman peyizaj politik lan ta dwe ye. Konvèsasyon avèk paran yo kreye rezilta “Vwa nou, Politik nou” yon rapò k ap remonte fòs fanmi imigran yo, prezante defi yo, epi pataje rekòmandasyon politik pou takle defi sa yo.

An menm tan tou, Next100 te mennen yon analiz wòdmezi sou kannvas politik atravè tout teritwa nasyonal la pou eksplòre kouman chak eta reponn ak bezwen fanmi imigran san papye yo ak sa ki gen estati miks. Evalyasyon sa a, ki prezante anba a, chita sou kat pwoblematik menm jan ak nan rapò jimèl lan, *Embrace Our Strength*, ki idantifye opòtinite pou pase alaksyon onivo sistemik.

Desidè politik Leta yo gen pouvwa pou yo enkli imigran endepandamman estati imigrasyon yo nan pogram ak sèvis leta bay. Leta yo gen pouvwa tou pou yo reyèkzamine politik anplas yo epi travay sou sa ki afekte kominote imigran yo defason demezire. Pwojè “Mapping State Policies to Support Immigrant Families” met anplas yon ribrik evalyasyon ak yon kat entè aktif pou mezire chak eta sou enklizyon politik yo genyen parapò ak fanmi imigran yo kèlkelanswa estati imigrasyon yo. Nou anvizaje analiz ki fèt pi ba ap sèvi kòm zouti pou moun k ap pledwaye kot eta yo, desidè politik ak òganizasyon debaz yo pou yo kontinye pouse pou yon espas nou konnen tout vwazen nou yo merite, endepandamman estati imigrasyon yo. Lavi nou jounen jodia ak lavni nou pi devan makònen ansanm. Nou bezwen tout moun gen aksè ak ledikasyon, swen sante, mwayen pou yo viv, ak sekirite pou asire nou rive atenn tout potansyèl nou. Nou konnen chemen pozitif vè lavan sa a pou eta Etazini yo posib paske chak politik nou te swiv ki enkli nan analiz nou an, yon eta rive akonpli.

Ranmase

Nou te idantifye epi analize kenzendis politik baze sou pouvwa yo pou afekte fanmi

imigran san papye yo ak sa ki gen estati mik s yo defason pozitif, jan sa pwouve nan rechèch ak konvèsasyon ekspè nan domèn imigrasyon yo, patiklyèman sila ki gen gwo ekspètiz onivo leta epi sou zafè ankadreman, pwoteksyon fanmi imigran ak sa ki gen estati mik s ansanm ak timoun fanmi yo imigran. Nou te pran an konsiderasyon tou repons ak pandemi COVID-19 la, sitou enpak grav sa genyen sou sante ak kriz ekonomik fanmi imigran yo. Jeneralman, politik analiz sa a te etidye pèmèt imigran yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, pou jwenn aksè defason pozitif ak sèvis, pogram, ak avantaj leta lofri yo.

Nou te swiv endis yo nan tout senkant eta yo ak Washington, D.C. pou penn peyizaj chak eta, youn pa youn, ki itil nan konprann politik yo parapò ak fanmi imigran san papye ak sa ki gen estati mik s yo. Pou sèten nan endis politik ki te analize yo, gen lòt òganizasyon ak moun k ap fè rechèch ki te kreye analiz pou chak eta an patikilye. Sepandan, pa gen ankenn lòt analiz ki chache kapte reyalyte chak eta nan fondyè divès pwoblematik ki afekte fanmi imigran san papye ak sa ki gen estati mik s yo. Kenz endis yo kouvri aksè rezidan eta yo, endepandaman estati imigrasyon yo, nan kat domèn transvèsal: edikasyon, swen sante, chache lavi, ak sekirite.

Aprè endis politik yo te detèmine, nou te revize lwa chak eta yo pou idantifye kibò eta a te pase alaksyon pou enpleman lwa ak/oswa pogram leta jere ki enklizif parapò ak popilasyon imigran yo kèlkeswa estati imigrasyon yo. Lè nou jwenn leta yo pran mezi pou enkli imigran yo, nou konpare politik lan ak lòt sous k ap swiv pogrè leta sou politik yo gen anplas ki afekte imigran. Pwosis triyang sa a varye selon kategori an, men depann anpil sou rechèch apwofondi ki te fèt onivo [National Immigration Law Center \(NILC\)](#), [Urban Institute](#) (mizajou [National Center for Children in Poverty](#)), avèk [uLead](#), ansanm ak analiz dirèk sou politik yo ki chita sou tèks ki soti nan baz done [National Conference of State Legislatures'](#) (NCSL) pou fè rechèch sou lwa imigrasyon avèk kòd leta sou LexisNexis. Leta yo resevwa yon pwèn pou chak politik yo genyen ki kore popilasyon imigran an epi konstwi pou tabli yon espas enklizif. Yo note epi klase leta yo selon si yo rive byen kreye yon anviwònman ki pèmèt fanmi imigran epanouyi.

Kat ki akonpaye rapò sa a reflète jan desidè politik eta yo swa entansyonèlman enkli oswa aktivman ekskli popilasyon san papye yo ak sila ki gen estati mik s yo. Nan pwochen seksyon an, nou eksplike ken z endis politik yo. Kote sa koresponn, nou klere limyè sou ekzanp modèl politik ki espesyalman inovan, ki motive nan yon lespri ekkitab, ansanm ak ekzanp, kote sa valab, pou leta yo revizite epi rekonsidere enplemantasyon politik aktyèl yo gen anplas. Modèl yo konsidere inovan se sa kote lejislasyon leta a oswa pogram leta jere yo eseye enpleman politik ki enkli imigran nan yon fason lòt eta poko fè. Politik ki motive pou tabli ekite se sa ki pran mezi pou elaji enpak yo pou gen yon modèl enplemantasyon inivèsèl, pou kreye avantaj pou tout moun kèlkeswa estati imigrasyon an. Politik ki bezwen ranfòse se kote gwo segman popilasyon san papye yo kapab bare pou yo pa jwenn avantaj akoz evantyèl teknikalite epi kote lòt modèl leta demontre politik enklizif la posib.

Aprè revizyon tout ken z endis politik yo, rapò a diskite limitasyon analiz la, epi prezante kanè nòt nou sou politik leta k ap sipòte fanmi ki gen estati mik s yo ak sa ki san papye.

Endis Politik yo

Valorize Ledikasyon

Parapò ak domèn ledikasyon, yo te idantifye epi analize twa politik: ekite ekolaj/ekolaj pou elèv rezidan anndan eta a, èd finansyè pou elèv rezidan nan eta a, avèk aksè pou jwenn lisans pwofesyonèl ak sètifikasyon.

Ekite Ekolaj/Ekolaj Elèv Rezidan Eta a: 21 eta ansanm ak Washington, D.C. enplemante alafimatif politik enklizif yo.

Kisa l ye	Lwa sou ekite ekolaj yo rasire nenpòt ki elèv kèlkelanswa estati imigrasyon kapab peye ekolaj si yo ale nan yon enstitiyon piblik oswa rapouswiv edikasyon avanse nan eta kote yo rezidan an. Kondisyon pou elijibilite diferan selon eta a, epi baze pli patikilyèman sou konbyen tan moun lan te rezide oswa ale lekòl nan eta a.
Poukisa sa enpòtan	San lwa sou ekite, elèv san papyè yo retwouve yo bije peye ekolaj tankou se elèv entènasyonal oswa ki soti nan yon lòt eta si yo vle rapouswiv edikasyon avanse nan eta yo ye a. An mwayèn, pri sa yo depase pi chè plis pase \$8,000 . Sa se pi gwo mank daksè elèv san papyè kontre, èd finansyè federal sou tèt lis lan avèk baryè pou yo travay kifè peye pri pi chè a bay vin pi difisil toujou. Politik sa a se yon ka espesyalman kritik koulyea sitou klas elèv san papyè k ap vini alè kile yo pat gen aksè pou jwenn DACA, kote yo t ap gen yon nimewo sekirite sosyal ak otorizasyon pou yo travay, ki t ap fè l pi fasil pou yo peye kolèj. Malgre yo reyentegre DACA a, pwosesis pou nouvo aplikan yo resevwa benefis tanporè ka pran omwen plizyè mwa, epi jèn san papyè yo ki pase majorite lavi yo Ozetazini pa kalifye si yo pat antre nan peyi a anvan jen 2007. Pou elèv ki vle rapouswiv edikasyon avanse, yo dwe kwè sa se yon bagay posib, kivedi fè fas ak pri tèt nèg edikasyon avanse mande kòm elèv san papyè.
Kijan sa varye	Jan sa note pi wo a, anpil nan politik ki anplas sa yo mete kondisyon ki gen arevwa ak kantite tan yon elèv fè rezide oswa al lekòl nan eta a. Ekzijans sa yo fòseman vle di gen yon seri imigran ki pa enkli. Onz eta ki gen sou lwa ekite onivo ekolaj espesifye fò elèv yo fini twa zan nan lekòl segondè nan eta a dabò. Nouvo elèv imigran ki pi gran yo—ki deja fè fas ak plizyè obstak anplis—ka teribleman enfliyanse avèk eksklizyon sa a. Pi inovan: Kalifòni pase plizyè lwa sou ekite ekolaj, chak ap eseye elaji kilès ki enkli nan ogmantasyon aksè pou rapouswiv edikasyon avanse. Lwa leta yo pèmèt lekòl pou granmoun yo oswa nòt klas yo swiv nan kolèj kominotè yo konte pou twa zan elijibilite yo mande a k ap fè jèn ki san papyè yo elijib pou jwenn ekite onivo ekolaj yo.

	<p>Pi motive pou tabli ekite: New Mexico gen pi piti kondisyon sou kantite tan, ki fè ekite onivo ekolaj louvri bay tout elèv ki fini omwen yon ane lekòl segondè nan eta a.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Nan eta ki ofri ekite onivo ekolaj, Oregon gen pi plis egzijans sou kondisyon tan, kwak se anrapò ak tan moun lan genyen Ozetazini, pa tan sèlman nan Oregon: eta a mande pou elèv la konplete omwen senk an edikasyon nivo K-12 Ozetazini.</p>
<p>Èd Finansyè pou Rezidan Eta a: 13 eta ak Washington, D.C. enpleman alafimatif politik enklizif epi distribye resous yo.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Gen eta tou ki louvri èd finansyè pou rezidan yo bay tout elèv, sa vle di elèv yo gen aksè ak fon leta pou ede yo peye pou kontinye edikasyon avanse yo. Nan eta ki lofri èd finansyè pou rezidan ak ekite onivo ekolaj, kondisyon pou w elijib yo jeneralman aliye avèk demann pou ekite onivo ekolaj.</p>
<p>Poukisa sa enpòtan</p>	<p>Pandan ekolaj pou rezidan an se yon etap enpòtan nan fè edikasyon kolèj reyalizab pou tout moun, plis sipò nesèsè pou sa vin aksesib tout bon vre. Elèv san papyè yo pa elijib pou èd finansyè federal, sa enkli ni don ni prè pou etidyan. Jwenn prè prive pou etid yo pi difisil pou yo, paske to denterè an pi wo epi egzijans pou jwenn yon kosiyatè ki pa fè pati fanmi imedya yo akoz yo gen aksè limite pou bati kredi. Lwa sou èd finansyè pou rezidan eta yo avèk adopsyon lwa sa yo rasire elèv san papyè yo gen rekou lè yo bezwen èd pou yo jwenn sipò pou peye kolèj.</p>
<p>Kijan sa varye</p>	<p>Gen diferans ant eta yo sou kouman yo rann pwosesis aplikasyon yo aksesib epi transparan, ansanm ak si èd yo lofri yo fèt onivo leta a oswa atravè fakilte yo, enstitiyon edikasyon avanse yo. Leta yo lofri tou diferan montan nan fon yo met disponib. Pi fò leta yo ekzije elèv yo anrejistre anliy nan yon pwosesis senplifye epi lofri konsiy klè sou kouman epi kilè pou mande sipò.</p> <p>Pi inovan: Apa jwenn fon pou èd finansyè pou rezidan yo, Eta Washington te pase lwa ki pèmèt elèv yo aplike pou don leta sou baz nesèsite, epi, apati jiyè 2021, elèv yo ap kapab aplike tou pou prè pou etidyan ak ti kras to denterè, konsa pou mete plis resous disponib pou ede peye kolèj.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Si elèv yo pa konnen opòtinite sa yo disponib, y ap rate serye. Anpil ap navige pwosesis kolèj la pou kont yo paske yo kab se premye moun ki pwal nan kolèj nan peyi a. Kalfòni ap rasire l elèv yo okouran resous sa yo epi mete pwosesis anplas pou ede yo antre epi fini kolèj apati repatisyon fon ki met anplas epi ekzije pou chak Kolèj Kominotè nan Kalifòni avèk Inivèsite Deta Kalifòni deziye yon pèsòn lyezon pou elèv san papyè.</p>

	<p>Bezwen ranfòsman: Texas avèk New Mexico se de premye eta ki lofri èd finansyè pou rezidan bay popilasyon etidyan san papyè yo. Sepandan, koulyea yo se sèl eta ki lofri èd finansyè sou tout teritwa nasyonal la san yon sistèm aplikasyon anliy pou elèv sa yo. New Mexico manke yon sistèm santral, kivedi pwosesis aplikasyon an varye selon enstitisyon an kidonk etidyan yo pa ka byen evlape pwosesis pou jwenn aksè ak èd.</p>
<p>Aksè pou Lisans Pwofesyonèl ak Sètifika: 8 eta enpleman alafimatif politik enklizyon yo.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Pou anpil pwofesyon—tankou elektrisyen, pwofesè, oswa pratikan lamedsin—eta yo egzije moun yo gen yon lisans osnon sètifika kèlkonk pou yo pratike pwofesyon yo. Majorite lisans ak sètifika sa yo se leta ki apwouve epi bay yo, sa vle di leta yo gen kantite ajans k ap decide kisa elijibilite pou w gen lisans pwofesyonèl sa yo. Leta yo ka fè an sòt pa gen egzijans pou lisans ak sètifika sou baz si moun lan se sitwayen osinon pa diskrimine sou baz estati imigrasyon.</p>
<p>Poukisa sa enpòtan</p>	<p>Lisansye oswa sètifye nan yon pwofesyon pa chanje si wi ou non moun lan ka resevwa otorizasyon travay onivo federal: biznis ak òganizasyon andat, yo entèdi pou anboche legalman pwofesyonèl san papyè dapre lalwa federal. Sepandan, posede yon lisans oswa sètifika pwofesyonèl pèmèt moun yo konstwi yon lavni pi sekirizan finansyèman gras rekonesans fòmèl sa ajoute sou konpetans yo. Imigran kapab demare yon ti biznis, kèlkeswa estati imigrasyon yo epi genyen aksè ak lisans ak sètifika pwofesyonèl la, yo ka envesti nan devlope epi founi konpetans yo bay kominote yo. Epi tou, estati imigrasyon ka chanje epi wout pou jwenn natiralizasyon ka louvri pou moun ki san papyè koulyea—elaji aksè pou jwenn lisans ak sètifika pwofesyonèl pèmèt moun yo prepare pou moman an.</p>
<p>Kijan sa varye</p>	<p>Malgre se sèlman wit eta ki elaji aksè pou moun sètifye epi jwenn lisans, endepandaman estati imigrasyon yo, momentòm lan ap monte sou kesyon an: twa nan eta sa yo adopte lejislasyon nan de dènye ane ki sot pase yo epi gen lòt eta anplis ki entwodwi lejislasyon nan ane ki sot pase la a.</p> <p>Motive pou tabli ekite: Nan Kalifòni, Illinois, Nevada, New Jersey, ak New Meksiko, moun ka jwenn lisans ak sètifika pwofesyonèl nan kèlkelanswa pwofesyon an avèk nimewo idantifikasyon endividyèl li kòm moun ki peye taks, depi aplikan an reponn ak tout lòt kritè yo.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Gen eta ki elaji aksè sèlman pou yon seri pwofesyon byen presi, tankou South Dakota pou dantis, Utah pou terapèst pwofesyonèl, avèk Wyoming pou pratikan dwa. Apa pwofesyon sa yo moun yo rankontre limit toujou sou zafè jwenn sètifika ki egzije sitwayènte ak nimewo sekirite sosyal.</p>

Elaji Aksè pou Jwenn Swen Sante

Sou kesyon swen sante, nou te idantifye epi analize kat politik: asirans sante pou timoun, asirans sante pou fanm ansent, asirans sante pou granmoun, ak kouvèti asirans sante pou maladi mantal.

Asirans Sante pou Timoun: 6 eta ak Washington, D.C. enpleman alafimatif politik enklizyon yo.

Kisa l ye	Sis eta ak Washington, D.C. pase lejislasyon ki elaji pogram asirans sante pou kouvri swen sante pou timoun ki pa gen asirans (18 tan ak pi piti) pou rasire tout timoun kèlkelanswa estati imigrasyon yo, gen aksè ak kouvèti asirans sante leta sibvansyone. Politik sa yo varye sou ki tranch salè y ap kouvri, gen ladan yo ki kouvri sèlman moun salè yo ba anpil, epi gen lòt ki founi kouvèti asirans sibvansyone, ou di mwens bay moun ki gen salè yo elve aksè. Sèvis kouvèti asirans sante varye yon ti kras selon eta a, jeneralman sa enkli swen prevansyon tankou konsiltasyon woutin, vaksen, swen pou jere opresyon, swen sante mantal, swen pou dan, doktè je, swen ijans, ak preskripsyon.
Poukisa sa enpòtan	Lè timoun lan pa gen asirans sante, yo gen anpil chans souffri ak maladi paske paran yo retade oswa pa chache mennen yo jwenn sèvis swen sante. Sa afekte sante yo ak rezilta yo jwenn nan lavi yo paske timoun lan bezwen an bon sante pou y aprann lekòl epi epanouyi odela espas lekòl la. Aksè pou yo jwenn sèvis sante adekwa epi bon jan sante bay timoun lan opòtinite pou sante l amelyore epi jwenn bon jan rezilta onivo akademik ak nan lavi an.
Kouman sa varye	<p>Pi inovan: Nan demaraj pogram Healthy Kids (Timoun an Sante), ki pèmèt elijibilite asirans medikal bay tout timoun k ap viv nan eta a ki gen yon revni salaryal fanmi an pi ba pase 305 pousan nivo povrete federal la (federal poverty level - FPL), Oregon enkli pwovizyon pou yon kanpay sansibilizasyon sou tout teritwa nasyonal la, selon konsiltasyon yon gwoup ekspè k ap travay pou asire fanmi ki yon jan difisil pou jwenn yo okouran gen posiblite pou yo elijib. Gwoup sib yo genyen kominote moun nwa; kominote ki gen difikilte langaj; timoun ki andeyò; ansanm ak timoun epi fanmi ki gen lòt difikilte pou yo franchi tankou defisyans entèlektyèl, pòblèm mantal ak sansoryèl, andikap fizik, toksikomani, ak san zabri.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Atravè Plan pou Sekirite Medikal Timoun (Children's Medical Security Plan), Massachusetts fè gwo pogrè pou asire gen yon opsyon swen sante aksesib pou tout timoun nan tout fanmi ki pa elijib pou Medicaid, kèlkeswa nivo salaryal yo. Pogram lan sibvansyone kouvèti sante gratis pou timoun fanmi yo gen pi ba pase 200 pousan FPL. Apa sa, yo ofri yon pri redwi pou timoun fanmi yo ant</p>

	<p>201 ak 400 pousan FPL la, epi yo bay tout fanmi ki depase 400 pousan FPL la, opsyon pou enskri pitit yo epi peye tout kou pwovizyon an yon sèl kou, ki toujou pi abòdab pase anpil plan asirans prive.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Kalifòni ak Washington, D.C. gen ekzijans salè pi di pami eta ki bay timoun san papye aksè, kidonk koupe kontinyasyon kouvèti asirans pou timoun. Limit nivo salaryal twò ba yo poze yon pwoblèm pou fanmi imigran san papye yo ak sa ki gen estati miks yo ki pa ka peye pou asirans sante prive epi pa gen ankenn lòt opsyon pou yo jwenn kouvèti asirans sante. Kalifòni ofri kouvèti gratis pou timoun ki gen fanmi ki gen pi ba pase 138 pousan FPL, oswa \$3,013 lemwa pou yon fanmi ak kat manm, epi ofri yon pri redwi pou fanmi ki gen jiska 266 pousan FPL atravè Medi-Cal. Malgre Washington, D.C. kouvri timoun ak jèn jiska laj 21 an atravè pogram Immigrant Children's Program lan, li sèlman kouvri yo jiska 200 pousan FPL la.</p>
<p>Asirans Sante pou Fanm Ansent: 16 eta ansanm ak Washington, D.C. enplemante alafimatif politik enklizyon yo.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Medicaid konsidere sèvis akouchman kòm yon ijans medikal, kidonk fanm ansent ki reponn ak elijibilite salè Medicaid mande an dwe gen kouvèti Medicaid ijans lan nan tout eta yo, kèlkelanswa estati imigrasyon an. Men, eta yo ka pran lòt aksyon anplis pou founi aksè ak swen sante bay fanm ansent. An gwo, eta yo kapab founi plis sèvis sante total kapital bay fanm ansent kèlkeswa estati imigrasyon an avèk pwòp fon leta a, kifè gen yon seri ki chwazi fè egzakteman sa. Epitou, atravè Pogram federal Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program - CHIP) nan opsyon "timoun ki poko fèt" lan, leta yo ka itilize fon federal pou elaji aksè ak swen prenatal bay fanm ansent ki gen ti kras salè, kèlkelanswa estati imigrasyon yo. Leta yo teknikman kouvri "timoun ki poko fèt" ki pa gen estati imigrasyon men prezume fèt Ozetazini.</p>
<p>Poukisa sa enpòtan</p>	<p>Plis aksè ak swen medikal prenatal gen bon jan enpak sou gwosès la epi amelyore sante ti bebe an ansanm ak sante manman an. Yon gwosès an sante bay timoun ki devlope nan bon jan sante, ki gen lòt efè pi devan, tankou enpak sou ekolaj lekòl yo alavni. Gen avantaj ekonomik tou: san kouvèti sa a, lopital yo fè fas ak depans, k ap rete san peye, yo bay pou swen akouchman ak swen ti bebe nan akouchman ki gen potansyèl pou yo trè riske.</p>
<p>Kouman sa varye</p>	<p>Kantite tan pou swen prenatal ak sèvis ki enkli nan kouvèti asirans yo varye granman pou chak eta; gen kèk eta ki bay swen pospatòm tou. Menm jan ak kouvèti swen sante leta sibvansyone pou timoun, elijibilite selon nivo salè a varye tou.</p> <p>Pi inovan: Anplis ak swen prenatal, Oregon's Reproductive Health</p>

	<p>Equity Act (Lwa Oregon sou Ekite Sante Repwodiktif) asire tout fanm nan eta a, kèlkelanswa estati imigrasyon an, kapab jwenn aksè ak sèvis sante repwodiktif gratis pandan yo entèdi diskriminasyon sou zafè sante repwodiktif. Lwa sa a ranpli yon vid enpòtan nan swen pospatòm fanm ansent san papyè fè fas, yo estime 48,000 manke aksè nan Oregon an sèlman.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Eta Washington founi kouvèti swen sante total kapital, pi aksèsib bay fanm ansent, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Fanm ki rezide nan eta a epi gen yon salè familyal konbine ki rive jiska 300 pousan FPL ka enskri nan Apple Care, ki kouvri swen prenatal ak pospatòm, sèvis dantis, swen sante mantal, ak sèvis entèprèt, pami dèt. Epi toujou, menm jan ak Oregon, Washington bay reproductive health coverage (kouvèti swen sante repwodiktif) pou asire fanm ka chwazi si, kilè, epi kouman pou yo fè timoun.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Malgre eta ki enskri nan opsyon “timoun ki poko fèt”, pogram CHIP lan, ap bay bon jan swen prenatal, vilnerabilite manman yo apre akouchman si yo pa jwenn swen pospatòm ka fatal pou lavi yo. Plis ta dwe fèt onivo Missouri, Nebraska, Oklahoma, ak Washington, D.C. pou asire tout fanm jwenn aksè ak swen pospatòm. Texas ak Wisconsin fè yon ti pa tou piti pou asire omwen de vizit pospatòm apre akouchman, men anpil lòt eta montre sa posib pou asire fanm ansent yo gen aksè ak swen pospatòm swasant jou apre yo fin akouche, jan sa lofri bay lòt benefisyè benefisyè Medicaid yo.</p>
<p>Asirans Sante pou Granmoun: Washington, D.C. enplemante alafimatif politik enklizyon yo, epi Colorado ap fè sa byento. De lòt eta ogmante aksè bay sèten granmoun.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Kouvèti asirans sante pèmèt moun jwenn aksè ak swen sante pou pwoteje yo kont depans medikal tèt nèg ki souvan rive sou yo san zatann. Imigran san papyè pa elijib pou Medicaid ak Medicare ki pa ijans medikal, epi souvan manke aksè ak lòt kouvèti asirans sante nonplis. Sa vle di eta yo dwe adopte politik pou kreye oswa elaji pogram asirans sante leta sibvansyone kèlkeswa estati imigrasyon pou rann asirans sante aksesib bay imigran san papyè.</p>
<p>Poukisa sa enpòtan</p>	<p>Yo estime 45 pousan imigran san papyè pa gen asirans, kivedi yo ka pa kapab oswa ka chwazi pou pa jwenn swen lè sa nesèsè. Depi granmoun nan retade oswa renonse al chache atansyon medikal oswa konsiltasyon woutin nesèsè, yo vin vilnerab ak move pwoblèm sante. Sa swen sante woutin ta ka prevwa vin tounen yon gwo pwoblèm sante byen chè pou rezoud. Pandemi COVID-19 la aksantye enpòtans kouvèti asirans sante pase moun ki gen maladi sante ki pa trete alabaz yo pi afekte ak viris lan. Pèt yon paran se yon gwo boulvès pou yon timoun, kidonk si sa ka prevwa nan mete aksè swen sante disponib,</p>

	aksè sa a dwe garanti.
Kouman sa varye	<p>Malgre enpòtans kritik yo rekonèt swen sante genyen, Washington, D.C. se sèl jirisdiksyon ki sibvansyone kouvèti asirans sante bay granmoun san papyè ki gen plis pase 26 zan epi pi piti pase 65, kwak Colorado fè plan pou elaji aksè disi 2023. Sèlman de eta koulyea ki kouvri nenpòt moun ki gen plis pase 18 tan ki pa ansent. Kalifòni elaji aksè pou kouvèti asirans sante bay jèn moun ki san papyè ki rive jiska 26 zan daj epi ki gen ti kras salè. Illinois elaji aksè pou kouvèti asirans sante bay moun san papyè ki depase 65 an ki gen ti kras salè.</p> <p>Motive pou tabli ekite: Washington, D.C. pèmèt nenpòt ki moun ki gen salè konbine familyal lan pi piti pase 200 FPL ki pa gen aksè ak kouvèti asirans pou yo enskri nan DC Healthcare Alliance, ki kouvri sèvis sante limite. Colorado pote yon reyon lespwa: yo resamman pase yon lejislasyon la a ki an 2023, eta a ap kòmanse ofri opsyon asirans sante leta sibvansyone bay moun ki san asirans ki genyen jiska 300 pousan nivo povrete federal la, kèlkeswa estati imigrasyon.</p>
Kouvèti Asirans Sante Mantal: Kalifòni entegre pwovizyon sante mantal nan kouvèti asirans sante.	
Kisa l ye	Se pa tout asirans sante ki kouvri sèvis swen sante mantal. Sèlman Kalifòni entegre kouvèti sèvis sa yo nan asirans yo met disponib bay moun kèlkeswa estati imigrasyon an.
Poukisa sa enpòtan	Moun ki nan kay fanmi imigran ki gen estati miks epi ki san papyè, yo vilnerab pou gen pwoblèm sante mantal akòz tout estrès sou byenèt mantal ki konstaman ap trakase yo, tankou twoma, rasis, ak diskriminasyon, ak limit pou jwenn aksè ak resous pou reponn ak bezwen debaz yo. Swen ki pa abòdab epi ki pa pran an kont kilti ak lengwistik nan domèn sante mantal lan konplike sitiyasyon sa a . Reponn ak sitiyasyon sa yo kòmanse avèk entegrasyon sèvis sante mantal nan kouvèti asirans sante yo.

Kore Jefò pou Chache Lavi

Sou kesyon chache lavi, yo te idantifye epi analize senk politik, ki enkli de espesifik ak repons eta yo nan pandemi COVID-19 la: aksè pou fè lisans pou kondwi, enstans leta ki la pou kore imigran, patisipasyon Verifikasyon-Elektwonik, èd ijans pou imigran ki ekskli nan repons onivo federal la kont COVID-19, epi asistans lamanjay pou timoun atravè Pandemi-EBT.

Aksè pou fè Lisans pou Kondwi ak Pyès Idantifikasyon Leta: 16 eta ak Washington, D.C. enplemante alafimatif politik enklizyon yo.

Kisa l ye	REAL ID Act (Lwa Federal sou Idantifikasyon Reyèl) pèmèt eta yo bay lisans ki pa kapab itilize pou sèten itilite federal men ki aksepte pou pwouve idantite onivo eta yo ak anndan lokalite a. Lisans sa yo disponib pou moun kèlkeswa estati imigrasyon yo epi dwe deklare klèman yo pa pou izaj federal.
Poukisa sa enpòtan	Gen aksè pou jwenn yon pyès idantifikasyon leta pwoteje moun lan kont diskriminasyon, redwi separasyon ant fanmi yo, epi sipòte aksè pou jwenn lòt sèvis esansyèl. Gen aksè pou jwenn yon lisans pou kondwi ogmante tou opòtinite ekonomik epi kreye sekirite sou wout yo pou tout moun. Prèy ta vle montre mank pou jwenn aksè pou fè lisans pou kondwi ogmante estrès paran yo ; revè a montre pakont, lè paran yo gen aksè pou fè lisans pou kondwi, sa amelyore zafè sante timoun yo .
Kouman sa varye	Varyasyon onivo Leta pou w jwenn aksè ak pyès idantifikasyon leta pou moun san papyè kouvri yon gam posiblite ki depann sou kalite idantifikasyon ki disponib lan, sou eske se menm ak lisans kondwi jeneral la, konbyen l koute, pou konbyen tan yo emèt pyès sa a, kritè elijibilite yo, konfidansyalite done aplikan yo, epi diskresyon eta a pou l pwoteje enfòmasyon aplikan an kont ICE. Pi inovan: Rechèch ki fèt resamman ekspoze Department of Homeland Security itilize enfòmasyon aplikan ki pran nan dosye depatman sikilasyon machin pou sibler epi mete an detansyon imigran san papyè. Lwa Leta Kalifòni, Hawaii, New Jersey, ak Nouyòk, ansanm ak Washington, D.C. espesyalman pwoteje enfòmasyon pèsonel moun pou depatman direksyon sikilasyon machin pa pataje yo ak lòt ajans gouvènman oswa vann bay lòt antite ekstèn. Pi motive pou tabli ekite: Anpil eta, ki enkli sa k mansyone pi wo yo ansanm ak Colorado, New Mexico, Oregon, Vermont, ak Eta Washington, ofri lisans kondwi inifòm ki ka itilize kòm pyès idantifikasyon leta epi ki pa diskrimine sou baz estati imigrasyon. Bezwen ranfòsman: Gen eta ki kreye lisans pou kondwi pou imigran

	<p>san papye ki gen plis restriksyon pase sa lwa federal mande. Utah pli patikilyèman restriktif, epi ofri “kat privilèj” pou kondwi ki valab sèlman yon sèl ane, kivedi yo kat fwa pi chè pase yon lisans kondwi nòmal Utah pou menm kantite tan an. Epiyou, yo ekri sou yo “SÈLMAN POU PRIVILÈJ KONDWI—PA VALAB KÒM PYÈS IDANTIFIKASYON”, epi mande verifikasyon anpwent sou baz done kriminel epi notifie ICE si yo jwenn dosye kriminel.</p>
<p>Enstans Leta k ap Kore Imigran: 13 eta avèk Washington, D.C. repati resous yo pou amelyore entegrasyon imigran, ki sipòte amelyorasyon sèvis pou imigran yo, epi enkli imigran nan divès politik lwa oswa pogram kèlkeswa estati imigrasyon an.</p>	
Kisa l ye	<p>Gouvènman Eta yo ka kreye biwo, ekip komite travay, oswa lòt enstans ki la pou egzamine epi jere resous ki disponib pou imigran sou tout teritwa nasyonal la. Enstans sa yo kapab tabli apati lejislasyon oswa lòd ekzekitif gouvènè a bay (sa varye selon eta a). Kwak anpil eta gen pogram sèvis refijye k ap kowòdone fon federal, eta yo resevwa pwennan evalyasyon nou an sèlman si yo sipòte imigran epi kreye enstans leta responsab pou bay sèvis k ale odela sa ki espesyalman anplas pou refijye epi ki vize gen yon enpak sou tout imigran anndan eta a.</p>
Poukisa sa enpòtan	<p>Lè gouvènman eta a deziye enstans ki la entansyonèlman pou jere kouman imigran yo jwenn aksè ak sèvis leta ak kouman yo jwenn sipò anndan eta a, se yon siyal yo bay pou fè konnen imigran byenvini lakay yo epi eksperyans imigran yo enpòtan nan je yo. Se sèlman lè enstans yo gen moun ki gen bon konprann, ki responsab kowòdone eksperyans imigran yo, kèlkelanswa estati imigrasyon yo, lè sa a eta yo ka kòmanse denonse baryè sistemik fanmi imigran san papye ak sa ki gen estati miks yo ap kontre.</p>
Kouman sa varye	<p>Ekip komite travay ak biwo yo deziye nan diferan depatman, tankou depatman leta pou travay/devlopman ekonomik, depatman sèvis zimèn, biwo pwokirè jeneral, ak kolaborasyon ant divès ajans. Biwo, ekip komite travay, ak/oswa komisyonè yo gen bidjè ki varye epi yo okipe tout kalte fonksyon, soti nan sèvi kòm lyezon ant USCIS ak imigran k ap chache sipò nan demach yo pou yo ajiste estati imigrasyon yo, rive nan sipò bay kominote imigran pou yo navige pami sèvis leta yo atravè sant ak kominote navigatè ki deziye pou sa, bay sipò pou vilgarize konesans sou dwa imigran yo, kowòdone inisyativ pou kolekte fon epi jefò pou entegre imigran yo an patenarya avèk òganizasyon benevòl k ap desèvi imigran yo, konseye gouvènè yo sou baryè sistemik ki afekte imigran nan eta a, epi swiv enplemantasyon dwa ki afekte imigran yo.</p> <p>Pi inovan: Entegrasyon Imigran Kalifòni dirije sou tout teritwa nasyonal la se sèl enstans ki aktyèlman anchaje ak responsabilite legal pou swiv enplemantasyon lwa ak regilasyon k ap desèvi imigran yo. Sa se yon</p>

	<p>etap kritik nan demach pou fè pwomès politik sa yo vin yon reyalite nan rasire enstans lokal yo pa vyole lwa ki la pou sipòte imigran kèlkeswa estati imigrasyon, jan sa fèt nan Orange County ak lòt lokalite atravè tout Kalifòni.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Enstans ki fokis sou entegrasyon imigran nan Kalifòni, Illinois, Michigan, Minnesota, New Jersey, Nouyòk, ak Virginia tout responsab fè eta a konnen fòmèlman epi kontinyèlman sou sa ki afekte imigran yo, sa ede kreye yon sansibilizasyon ki fokis sou pwoblèm politik atravè gouvènman eta yo k ap pèmèt plis pwodiksyon lwa, politik, ak enplemantasyon politik denklizyon nan demach pou vanse pou pi devan.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Li enpòtan pou eta yo lofri sèvis ki sipòte imigran yo nan navige pwosesis aplikasyon konplike imigrasyon lè y ap fè demach pou ajiste estati imigrasyon yo, espesyalman lè w konsidere pri enposib pwosesis natiralizasyon byen long lan epi frekans notè k ap fè fwòd pou pwofite odetriman imigran yo. Sepandan, desizyon Delaware pou limite travay enstans leta met anplas pou sèvi sèlman kòm lyezon ant USCIS avèk kominote imigran yo iyore kesyon anpil imigran san papyè yo, pa gen mwayen pou rive nan etap sitwayènte epi pa okouran okenn pouvwa reyèl leta genyen pou rann lavi imigran miyò.</p>
<p>Patisipasyon Verifikasyon-Elektwonik Pa Obligatwa: 28 eta ak Washington, D.C. pa oblije konpayi yo patisipe nan pogram lan.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>E-Verify se yon pogram volontè ki administre an patenarya ant DHS avèk Administrasyon Sekirite Sosyal pou verifye si yon nouvo anplwaye gen otorizasyon pou l travay. Pogram sa a la anplis pwosesis verifikasyon I-9 sou elijibilite danplwa. Eta yo ka chwazi si y ap fè l obligatwa pou konpayi yo patisipe nan E-Verify la.</p>
<p>Poukisa pa patisipe a enpòtan:</p>	<p>Lejislatè yo souve preyokipasyon sou konsekans leta ki ekzije patisipasyon konpayi yo, tankou pogram lan ta gen yon enpak negatif sou ekonomi an akòz chay anplis ki tonbe sou biznis yo pou peye kou sa mande; epi difèt metòd lan pa fyab, inefikas nan verifye elijibilite travay; epi li pa reyèlman reponn difikilte travayè san papyè yo genyen ki pa gen ankenn rekou pou jwenn anplwa legal pandan y ap sibi eksklizyon epi plis moun nan kominote imigran yo ap viv nan laperèz.</p>
<p>Kouman sa varye</p>	<p>Patisipasyon nan pogram E-Verify la volontè pou konpayi yo, men eta yo gen pouvwa pou yo ekzije anplwayè yo patisipe, ansanm ak tout biwo leta, oswa pi fò biwo leta ak anplwaye soutretans yo. Nan ka sa a, leta yo kapab genyen pwèn nan evalyasyon nou an pou sipò yo bay imigran atravè aksyon pasif yo: nan pa ekzije ankenn konpayi anndan eta a itilize E-Verify.</p>

	<p>Kalifòni ak Illinois se de sèl eta ki aktivman entèdi obligasyon E-Verify la epi limite konpayi yo pou pa itilize pogram lan. Nan tout de eta yo, konpayi yo pa ka itilize E-Verify pou cheke estati imigrasyon anplwaye aktyèl yo osnon aplikan k ap mande travay.</p>
<p>COVID-19—Elaji Èd Ijans bay Tout Moun: 8 eta ansanm ak Washington, D.C. enkli imigran yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, nan repatisyon resous sinistre pou COVID-19 la.</p>	
Kisa l ye	<p>Eta yo ka distribye fon leta pou asire fanmi yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo, gen aksè pou jwenn sipò ijans ekonomik avèk lòt fòm sinistre pou reponn ak defi san presedan sa a pandemi COVID-19 lan prezante.</p>
Poukisa sa enpòtan	<p>Nan lwa CARES Act la, leta federal pa enkli fanmi imigran ki gen estati miks yo nan pogram asistans federal lan. Kwak sa te rektifye pou kèlke fanmi imigran ak estati miks yo nan dènye pogram asistans la, toujou pa gen ankenn asistans disponib pou yon estimasyon kat milyon moun, ki enkli milyon timoun sitwayen Ameriken ki gen paran yo san papyè. Sa k agrave sitiyasyon sa a pi plis toujou, moun san nimewo sekirite sosyal ni otorizasyon travay pa elijib pou asistans dedomajman chomaj. Sa a se malgre anpil granmoun san papyè peye taks menm jan ak sanblab yo ki gen nimewo sekirite sosyal epi yo kontinye ap kontribve demezireman chak jou, maten kou aswè kòm travayè esansyèl an premye liy pandan peyi nou an ap debat, otan sa posib, nan konjonkti aktyèl la. An mwayèn, moun sa yo nan peyi a plis pase yon deseni, totalman angaje nan kontribisyon peyi a. Eksklizyon onivo federal la kite eta, kominote, ak fanmi yo ap trepase anba grangou, ekspilsyon, san zabri, ak malsite mizè. Eta yo ka pase alaksyon pou anpeche yon dezaz ekonomik si yo elaji aksè yo bay nan pwòp èd pa yo lofri pandan pandemi an, paske sa alafwa yon bon bagay pou fè epitou nesèsè pou relansman ekonomi an.</p>
Kouman sa varye	<p>Pandan eta yo pase alaksyon pou konble twou vid nan pogram asistans federal anplas yo, yo chache enkli moun kèlkeswa estati imigrasyon yo pou yon tan kout epi bay yon peman yon fwa sèlman kòm asistans ekonomik, pou lwaye ak èd pou peye sèvis piblik, epi founi pogram diskont taks onivo leta nan divès fason: lòd ekzekitif, repatisyon bidjè, nouvo oswa lejislasyon pi laj, avèk patenarya piblik–privè.</p> <p>Pi inovan: Tout rezidan Eta Washington, kèlkeswa estati imigrasyon yo, kapab gen rekou ak Disaster Cash Assistance Program (DCAP- Pogram Asistans Lajan nan ka Sinistre), yon inisyativ ki te ekziste avan pandemi COVID-19 epi ki bay fon ijans pou yon mwa bay fanmi ki demontre yo gen bezwen finansyè pou reponn ak bezwen debaz yo. Moun kay yo ap kapab aplike yon fwa sou yon peryòd douz mwa, kwak an 2020 an, Gouvènè Washington lan, Jay Inslee, emèt yon ekzansyon ki pèmèt moun kay yo kalifye pou DCAP de fwa, yon fwa si COVID-19 lan afekte</p>

	<p>yo epi yon fwa si dife chan pay te afekte yo.</p> <p>Oregon lanse Worker Relief Fund (Fon pou Travayè Sinistre) pou moun ki pa elijib pou dedomajman chomaj akòz estati imigrasyon yo, ki founi an mwavèn \$1,713 bay imigran san papyè ki pèdi salè yo.</p> <p>Patenarya ant sektè piblik-prive sa a te enkli \$10 milyon alokasyon inisyalmman nan lejislasyon Oregon an epi plis pase 100 patenè kominotè Oregon ap kore travay la pou asire pogram lan disponib pou imigran sou tout teritwa nasyonal la.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Illinois, Massachusetts, New Jersey, ak Eta Washington State fè an sòt pogram asistans lwaye yo a disponib bay rezidan eta a ki elijib kèlkeswa estati imigrasyon yo. Kalifòni ak Colorado louvri diskont taks sou revni salaryal eta (state earned income tax credit - EITC) pou enkli moun ki ranpli taks avèk ITIN. Jès sa a espesyalman enpòtan koulyea sitou pase prèy yo montre EITCs redwi povrete nan fanmi ki gen pitit yo.</p>
<p>COVID-19—Asire Asistans pou bay Lamanjay ak tout timoun gras pogram EBT otomatik pou Pandemi an: 29 eta ak DC gen pwosesis anplas pou rive atenn tout timoun.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Pandemic Electronic Benefits Transfer (EBT) (Transfè Benefis Elektwonik pandan Pandemi an) te demare nan sezon prentan 2020 pou reponn ak timoun k ap rate manje pase lekòl yo fèmen akòz pandemi an. Avèk lajan federal yo, eta yo kapab bay ant \$250 rive \$450 pou chak timoun pou benefisye achte manje, depandan kantite jou lekòl la te ret fèmen nan chak eta. Tout timoun ki elijib pou manje midi gratis oswa pou yon ti kras pri, elijib pou pogram lan. Tou dabò, eta yo te responsab kouvri mwatye kou administratif yo pou enplemanje pogram lan, men yo te ekzan apre pogram lan te pwolonje pou ane fiscal 2021 an pou pran an kont ensekirite lamanjay ak fèmti lekòl yo k ap ferye. Eta yo te kapab deside si y ap patisipe nan P-EBT an epi kouman y ap enplemanje pogram lan.</p>
<p>Poukisa sa enpòtan</p>	<p>Ensekirite lamanjay double nan kay ki gen timoun lè pandemi an frape epi fanmi moun nwa te espesyalman touche trè di. Malgre done nasyonal pa disponib, Kowalisyon Pledwari Imigran ak Refijye Massachusetts te jwenn 78 pousan kay imigran ki gen estati miks epi ki san papyè yo ki te pran sondaj la, tout rapòte ensekirite lamanjay. Prèy yo ta vle montre P-EBT an redwi pwoblèm manje pou timoun k ap soufri akòz revni salaryal kay yo ladan an trè ba epi pou fanmi yo tou ki benefisye gras resous finansyè ki te bay anplis lan pou achte manje, sa te reponn pwoblèm pa gen manje an pou yon estimasyon ant 2.7 rive 3.9 milyon timoun. Pou fanmi imigran san papyè epi ki gen estati miks yo pli patikilyèman, P-EBT a jwe yon wòl kritik, nan yon espas ki preske pa gen filè sekirite, pou timoun ki te elijib yo otomatikman resevwa l.</p>

Kouman sa varye	<p>Pandan pogram Pandemi-EBT a opsyonèl, tout senkant eta yo ak Washington, D.C. chwazi enplemanje pogram la pou sipòte timoun elijib pou manje midi gratis oswa a pri redwi. Varyasyon nan enplemantasyon pogram lan, pwosesis aplikasyon yo, avèk benefis leta bay yo pakont, gen enplikasyon grav pou fanmi imigran san papye epi ki gen estati miks. Yon sitiyasyon paralizan ki anpeche fanmi imigran yo jwenn aksè ak prestasyon leta ki chita nan yon konfizyon ak yon litij pèmanan sou responsablite piblik lan, kivedi fanmi yo evite prestasyon kèk eta itilize pou detèmine kiyès ki elijib pou P-EBT, tankou SNAP, Medicaid, ak CHIP. Gen eta ki ekzije yon nimewo sosyal sekirite sou aplikasyon an pou prestasyon P-EBT yo, malgre enfòmasyon an pa obligatwa. Kesyon sa yo ka dekouraje fanmi imigran yo aplike pou pitit yo ki elijib. Pou rezon sa a, sèlman eta ki—baze sou enfòmasyon onivo enstitisyon eskolè leta yo, lekòl distrik yo, ak lekòl kote elèv elijib pou manje midi gratis ak pri redwi—dirèkteman bay fanmi yo sèvis san mande enfòmasyon anplis nan men fanmi an amwenske gen enfòmasyon manke osnon ki depase dat yo. Enstans sa yo te resevwa pwèn nan men nou nan evalyasyon nou fè sou yo pou politik P-EBT yo enplemanje.</p>
------------------------	---

<p>Sekirite</p> <p>Parapò ak kesyon sekirite a, nou te idantifye epi analize twa politik paske yo entewonp krimigrasyon: reprezantasyon inivèsèl, limite kolaborasyon avèk ICE, epi lwa santans pou deli.</p>	
<p>Pwosedi Ofisyèl ak Reprezantasyon Inivèsèl: 6 eta ak Washington, D.C. repati resous pou enkli imigran kèlkeswa estati imigrasyon yo.</p>	
Kisa l ye	<p>Moun k ap fè fas ak pwosedi depòtasyon nan tribinal imigrasyon pa gen dwa pou gen yon avoka devan lalwa federal, pratik sa kontrè ak sa pwosedi ofisyèl la mande. Sepandan, eta yo ka konble twou vid ki genyen nan kreye pogram reprezantasyon inivèsèl pou asire imigran yo gen aksè pou jwenn reprezantasyon legal nan tribinal imigrasyon yo.</p>
Poukisa sa enpòtan	<p>Lè moun yo prezante yo nan tribinal imigrasyon san reprezantasyon legal avoka, yo fòse yo fè fas ak yon sistèm legal konplike, yo pa konnen, san pwoteksyon pou jwenn pwosèdi ofisyèl kòm sadwa, ki ka fini nan yon depòtasyon an mass epi opòtinite potansyèl rate pou jwenn asistans ijans. Lè moun yo gen reprezantasyon legal yon avoka, yo gen depase di fwa plis chans pou yo rive rete nan peyi an, kivedi mwens separasyon famiyal ki pwodwi yon enpak nosif sou timoun.</p>
Kouman sa varye	<p>Eta yo varye sou zafè kantite lajan yo repati pou asire pwosedi ofisyèl</p>

	<p>respekte nan ka ki prezante devan tribinal imigrasyon yo, kiyès ki elijib pou jwenn sèvis yo finanse, ki sèvis ki kouvri nan fon an, epi si leta bay òganizasyon kominotè ki ekziste yo kontra sa yo oswa jwe yon wòl aktif nan jesyon inisyativ lan. Men, menm lè leta jere inisyativ lan, se patenarya ant piblik-privè k ap pwofite resous aktyèl yo ki rasire siksè pogram lan. Modèl la jeneralman demare an pogram pilot epi evantyèlman eskalade nan yon enplemantasyon pou rive sou imigran atravè tout teritwa nasyonal la.</p> <p>Pi inovan: Equity Corps program (pogram Kò Ekite) Oregon se premye pogram reprezantasyon inivèsèl sou tout teritwa nasyonal la ki pwofite sou teknoloji pou konekte imigran ak sèvis legal pro bono. Navigatè kominotè yo ki fòme pou sa fè enskripsyon epi bay rekòmandasyon atravè yon baz done sekirize, enjenyè lojisyèl yo fè mentyen, epi apre yo konekte imigran yo avèk avoka ki koresponn lan.</p> <p>Pi motive pou tabli ekite: Liberty Defense Project (Pwojè Defans Libète) Nouyòk se te premye pwojè piblik-privè leta jere pou ede imigran—kèlkeswa estati—jwenn aksè ak sèvis epi pwosesis legal. Biwo Gouvènè a administre pogram sa pou Nouvo Ameriken yo ki bay imigran ki nan pwosedi depòtasyon, reprezantasyon dirèk ansanm ak lòt sèvis, tankou konsiltasyon legal ak depistaj gratis pou imigran Nouyòk yo, ede yo ranpli aplikasyon imigrasyon yo epi pran fòmasyon sou Konnen Dwa W.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Genyen difikilte nan detèmine si fon pou reprezantasyon legal lan kapab bay rezidan yo sèvis ak reprezantasyon atravè tout eta yo. Gen yon preyokipasyon nan zòn Nòdwès Pasifik la kote anpil imigran ki rete Oregon, kenbe kòm detni nan Tacoma, Washington. Pandan tou de eta yo gen reprezantasyon legal disponib pou imigran san papyè, nan eta kote yo te rete inisyalmen an, avèk detansyon an te fèt nan yon lòt eta, sa kreye yon pil konplikasyon ki dwe jere an kolaborasyon ant eta yo. Epitou, genyen anpil inisyativ ki sipòte imigran k ap fè fas ak depòtasyon onivo lokal. Sèvis sa yo gen tandans konsantre nan vil yo, sa vle di imigran ki rete nan zòn riral ak banlye yo delese poukont yo epi san ankenn rekou. Eta yo nan yon pozisyon pou yo jwe yon wòl kritik nan asire gen aksè ekite pou tout moun, pa sèlman sila yo ki lavil.</p>
<p>Limite Kolaborasyon ak Polis Imigrasyon: 10 eta ak DC limite itilizasyon resous lokal nan zafè imigrasyon federal.</p>	
<p>Kisa l ye</p>	<p>Eta yo ka priyore pwoteksyon popilasyon imigran yo pou yo pa kenbe yo an detansyon ni depòtasyon avèk limitasyon yo ka mete sou kò polis anndan jirisdiksyon yo pou anpeche yo pase tan, depanse</p>

	lajan, oswa lòt resous an kolaborasyon ak polis imigrasyon federal.
Poukisa sa enpòtan	Ofisye mentyen lòd piblik yo responsab mennen investigasyon sou enfraksyon kriminèl onivo eta a epi ranfòse lwa sou zak kriminèl yo. Eta yo pa nan lobligasyon pou yo ranfòse lwa imigrasyon federal pou sivilyen, kidonk lè lokalite anndan jirisdiksyon yo pran responsablite fè travay sa yo, yo souvan charye kou sa mande pou fè sa. Epitou, depòtasyon fè plis mal odela moun ki dirètman afekte an—yo fèt odetriman tout fanmi an ak kominote yo . Nan limite kolaborasyon ak polis imigrasyon a, eta yo ka gide mentyen lòd piblik la pou repare relasyon yo ak kominote imigran yo epi rantre yo nan gwoup yo dwe bay sekirite piblik, konsa limite separasyon fanmi yo epi konsantre sou aplikasyon lwa kòm priyorite onivo lokal ak eta yo.
Kouman sa varye	<p>Tout eta ki te enplemanje politik pou limite kolaborasyon ant fòs mentyen lòd yo ak ICE klarifye kesyon mentyen lòd piblik yo dwe adere ak manda jidisyè epi kontinye aplike lwa kriminèl eta a pou tout moun kèlkeswa estati imigrasyon. Sepandan, eta yo pa dwe arete osnon kenbe moun yo an detansyon sèlman sou baz lwa federal kòm detni imigrasyon. Eta yo gen yon varyete zouti pou limite kolaborasyon tankou pase lejislasyon ki limite pataje done ant mentyen lòd piblik ak politik imigrasyon, entèdi lapolis rekonèt detni ICE yo, bani ICE pou pa entewoje moun yo kenbe nan prizon yo, epi entèdi lapolis mande moun sou estati imigrasyon yo; epitou, gouvènè leta yo oswa pwokirè yo ka bay direktif ki elimine akò 287 (g) epi limite ajans mentyen lòd piblik yo pou yo pa travay ak ICE.</p> <p>Bezwen ranfòsman: Rapò ki soti Kalifòni ak Eta Washington, malgre lejislasyon eta yo ki limite kolaborasyon, ajans menyen lòd piblik lokal yo vyole oswa kontoune lwa sa yo. Pou asire lapolis lokal yo respekte lalwa, leta a ka wete tout eksepsyon ki andaki nan lejislasyon aktyèl yo, tabli yon pwosesis pou piblik lan ka rapòte vyolasyon yo sibi epi ekzije ajans menyen lòd yo pou yo peye penalite si yo vyole lwa eta a.</p>
Lwa 364-Jou pou Santans Deli: 17 eta gen direktif sou santans ki pwoteje imigran pou yo pa sibi move tretman pinisyon.	
Kisa l ye	Lè santans pou yon deli dire yon ane (365 jou) oswa pi lontan, imigran yo fè fas ak depòtasyon paske krim lan konsidere kòm yon konpòtman imoral ki baze sèlman sou longè pinisyon an. Lè santans deli an limite sèlman a 364 jou oswa mwens, eta yo ka pwoteje moun ki pa sitwayen yo pou yo pa sibi depòtasyon akòz deli yo komèt lan.
Poukisa sa enpòtan	Revizite lwa sou santans eta yo genyen pou deli, kritik anpil pou imigran yo pa jwenn y ap fè fas ak yon seri konsekans san zatann kote yo tou pèdi estati imigrasyon yo (si yo gen yon estati ki pa sitwayen)

	epi retwouve yo ap sibi depòtasyon obligatwa pase yo fè fas sa ki otreman t ap yon deli minè, espesyalman paske jij imigrasyon yo pa gen diskresyon sou si penalite bout di sa yo enpoze. Politik sa a asire jistis egal ego aplike pou moun ki pa sitwayen, kidonk frennen pinisyon enjis epi prezève inyon famiyal la nan fanmi imigran yo.
Kouman sa varye	Leta yo varye nan sa yo konsidere ki yon krim, kouman yo klasifye yo, epi konsiy pou bay santans ki lye ak klasifikasyon sa yo. Pwojè sa a pa antre nan ti detay fen sa yo, konsantre pito sou konsiy ki anplas pou santans deli ki limite pa plis pase 364 jou. Senpleman redwi santans deli yo, anpil fwa pa yon grenn jou, asire imigran yo pa jwenn pinisyon enjis pou deli yo sèlman paske nòm federal non admisib yo ap deside epi pou yo pa retwouve yo fè fas ak santans pi mabyal toujou—sou fòm depòtasyon—pou menm krim lan.

Limitasyon

Endis politik ki chwazi pou rapò sa a pa ditou epwize kesyon an. Sou sèten nivo, kèk nan eta yo ki avanse pi lwen, kote yo enpleman plis politik lwa inovan ki dwe epi k ap fè enpak pozitif sou fanmi imigran san dokiman yo ak sa ki gen estati miks yo nan jirisdiksyon sa yo. Epitou, analiz lan pa gade faz enplemantasyon. Nonplis tou, li pa pran an konsiderasyon kouman politik sa yo adopte, tankou kouman òganizasyon popilè yo ak jefò pou mobilize yo ap fèt nan chak eta ki fè pledwari epi kontinye ap pledwaye, pou plis politik enklizyon reyalize epi tout gwo kokenn chenn travay pou òganize ki egalman ap fèt pou eradike politik restriktif yo. Politik ki fèt nan lentansyon pou ekskli moun san papye yo gen yon enpak manch long ki ka pwodwi odetriman tout yon fanmi ak kominote yo. Nou pa diskite move politik sa yo, konsa pou nou ka kenbe atansyon nou sou kouman pou nou vanse.

Ki Pèfòmans Eta yo

Lejann Kanè Nòt lan

Kantite politik anplas ki idantifye	Nòt chak Kategori
12-15 politik anplas ki idantifye yo	Politik lwa Eta yo met anplas pou sipòte fanmi imigran yo.
8-11 politik anplas ki idantifye yo	Politik lwa Eta yo met anplas pou sipòte modereman fanmi imigran yo.
4-7 politik anplas ki idantifye yo	Politik lwa Eta yo met anplas pou sipòte fanmi imigran yo yon ti kras .
0-3 politik anplas ki idantifye	Politik lwa Eta yo met anplas ki pa sipòte fanmi imigran yo.

yo

Eta	Kantite politik lwa ki idantifye	Nòt Kategori
Kalifòni	13	Ap Sipòte
Illinois	12.5	Ap Sipòte
District of Columbia	12	Ap Sipòte
Nouyòk	11	Sipò Modere
Oregon	11	Sipò Modere
Washington	11	Sipò Modere
New Jersey	10	Sipò Modere
Connecticut	7	Ti Kras Sipò
New Mexico	7	Ti Kras Sipò
Colorado	6	Ti Kras Sipò
Hawaii	6	Ti Kras Sipò
Maryland	5	Ti Kras Sipò
Massachusetts	5	Ti Kras Sipò
Nevada	5	Ti Kras Sipò
Virginia	5	Ti Kras Sipò
Delaware	4	Ti Kras Sipò
Michigan	4	Ti Kras Sipò
Minnesota	4	Ti Kras Sipò
Ohio	4	Ti Kras Sipò
Oklahoma	4	Ti Kras Sipò
Rhode Island	4	Ti Kras Sipò
Utah	4	Ti Kras Sipò
Vermont	4	Ti Kras Sipò
Arkansas	3	Pa Bay Sipò
Texas	3	Pa Bay Sipò
Wisconsin	3	Pa Bay Sipò
Wyoming	3	Pa Bay Sipò
Arizona	2	Pa Bay Sipò
Florida	2	Pa Bay Sipò

Idaho	2	Pa Bay Sipò
Iowa	2	Pa Bay Sipò
Kansas	2	Pa Bay Sipò
Kentucky	2	Pa Bay Sipò
Montana	2	Pa Bay Sipò
Nebraska	2	Pa Bay Sipò
North Carolina	2	Pa Bay Sipò
South Carolina	2	Pa Bay Sipò
South Dakota	2	Pa Bay Sipò
Tennessee	2	Pa Bay Sipò
Alabama	1	Pa Bay Sipò
Alaska	1	Pa Bay Sipò
Indiana	1	Pa Bay Sipò
Maine	1	Pa Bay Sipò
Mississippi	1	Pa Bay Sipò
Missouri	1	Pa Bay Sipò
New Hampshire	1	Pa Bay Sipò
North Dakota	1	Pa Bay Sipò
Pennsylvania	1	Pa Bay Sipò
West Virginia	1	Pa Bay Sipò
Louisiana	0	Pa Bay Sipò
Georgia	0	Pa Bay Sipò